**МКОУ «СОШ им. З.Б.Максидова с.п. Хамидие»**

# «Сабийхэр дерсым дихьэхын папщ1э къэгъэсэбэпыпхъэ 1эмалыщ1эхэр»

**Егъэджак1уэ –**
**-Фочыщ1э Мае Хьэжпагуэ ипхъу.**

2022г. къу. Хьэпц1уе

Иджырей зэманым ФГОС-м къытхуигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ сабийхэр езыр –езыру я щ1эныгъэм хагъэхъуэфу егъэсэныр, электроннэ 1эмэпсымэхэр(видео,аудио касетэхэр ,каталогхэр, картотекэхэр къагъэсэбэпыфу егъэсэныр. Апхуэдиз 1эмалхэр къежьами, сыт щыгъуи щ1эныгъэм и хэк1ып1эу щытар тхылъыращ ик1и абы и мыхьэнэр зык1и нэхъ мащ1э хъуакъым. Ц1ыху еджэращ сыт щыгъуи гупсысэк1э дахэ зи1эр.Ар псом дежк1и гуры1уэгъуэщ.Сабийр егъэсэн хуейщ езыр-езыру еджэфу,лэжьэфу щ1эныгъэ зригъэгъуэтыфу, дэнэк1э щы1э информациери къиубыдыфу, абы нэхъыщхьэр, нзхъ пэжыр къыхихыфу .

**Сэ си лэжьыгъэм къыщызгъэсэбэп 1эмалхэм и гугъу сщ1ыну сыхуейт. Псалъэм папщ1э, сабийр пэжырытхэм езгъэсэн папщ1э ,дерс щ1агъуэ дэк1ыркъым словарнэ диктант езмыгъэтхыу. Абы мыпхуэдэ диктантхэри хеубыдэ: къуажэхьхэр къащ1эурэ и жэуапыр ятхыу. П.п.**

1.Ди щхьэгъубжэ дыщэ тхьэгъу къыдоплъ. **(Мазэщ1э)**

2.Дадийуэ унащхьэм къыщыджэ.

3.Зэк1эрыблаблэу блыным еубгъуа. Н.

Сабийхэр апхуэдэ лэжьыгъэм дехьэх ик1и орфограммэхэр нэхъыф1у ягу ираубыдэ, къемыхьэлъэк1ыу, яф1эгъэщ1эгъуэну мэлажьэ. Пэжырытхэм теухуа правилэхэр езыр-езыру къыжа1э.

**Къык1элъык1уэ 1эмалым зэреджэр «Пэжыр къыхэх». Темэщ1эр щаджк1э, абы теухуауэ ящ1эр жызогъэ1э. Иужьк1э абы теухуауэ тхылъым итым къызогъаджэ, сэри яжызо1э. Ит1анэ я жэуапхэм хоплъэжри пц1ымрэ пэжымрэ зэхагъэк1ыж.**

**П.п. е-6-нэ классым «Причастие темэр щаджк1э мыпхуэдэ еплъык1эхэр язот:**

1.Причастиер зи щхьэ хущытыж псалъэ лъэпкъыгъуэщ.
2 Причастиер глаголым и формэ щхьэхуэщ.
3 Причастиер глаголым къытек1а плъыфэц1эщ.
4.Причастиер гибрид л1эужьыгъуэщ.

**Е-8-нэ классым «Зэрызыхуагъазэ псалъэхэр, псалъэ зэпхахэр, псалъэухахэр» темэр щаджк1э, мы жэуапхэм пэжыр къыхагъуатэ:**

1. Зэрызыхуагъазэ псалъэр ар псалъэщ, е псалъэ зэпхащ. Абык1э зэпсалъэм зыхуагъазэу аращ.
2. Зэрызыхуагъазэ псалъэр псалъэухам и пэ итущ сыт щыгъуи къызэрык1уэр.
3. Зэрызыхуагъазэ псалъэр псалъэухам и пкъыгъуэ гуэру хоувэ.
4. Зэрызыхуагъазэ псалъэр интонацэк1э псалъэухам къыхыдогъэщ.

**Мы къэк1уэну 1эмалымк1э еджак1уэхэр зэджа темэхэр тыншу къэппщытэжынущ,урокым и мурадри езыр –езыру къахутэфынущ . Е-9-нэ классым псалъэуха зэхэлъ –зэпхахэр къыщапщытэжк1э, мис мыпхуэдэ лэжьыгъэ епт хъунущ: псалъэуха зэхэлъ-зэпхахэм ехьэл1а псалъэ зэпхахэр къыхэхын:**

1 подчинительнэ союзхэр

2 подлежащэ гуэдзэ

3 сочинительнэ союзхэр

4 псалъэуха пажэрэ гуэдзэрэ

Мыпхуэдэ лэжьыгъэми сабийхэр езыр-езыру егъэгупсысэ, жэуап пэжыр къыхахыфу ирегъасэ.

**Мы темэр щебгъэбыдыл1эжк1э щхьэпэщ мыпхуэдэ лэжьыгъэ ебгъэк1уэк1ынри.Мы схемэхэмк1э псалъэуха зэхэлъ-зэпха зэхэлъхьэн.(классыр гупищу гуэшащ, гуп къэск1э зы псалъэухам йолэжь.**

1 ( … ми), [ …хуейщ ]

2 [ … къыщ1эк1ынкъым], (сыт щхьэк1э жып1эмэ …).

3 ( …ми ), [ …хуейщ ].

Псалъэуха зэхалъхьахэм къоджэж, къызэпкърахыж,сыт хуэдэ псалъэухами къыжа1э, абы ипкъ итк1э вывод ящ1ыжри кластер зэхагъэувэ.



**Егъэгупсысэ, я бзэм зрегъэужь, гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ бгъэдэлъщ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэми. Абы ф1эпщ хъунущ мыпхуэдэу «Къэгъуэтыж и ныкъуэр». Къехыгъуит1ым ит псалъэуха къызэрык1уэхэм псалъэуха зэхэлъ –зэпха къыхэщ1ык1ын.**

1 Нэхъыжьыр бгъэлъап1эмэ бзыпхъэ трах.

2 Ц1ыхур нэмысыф1эмэ уи щхьэ лъап1э хъунщ.

3 Хабзэр ф1ымэ ф1эл1ык1 и1эщ.

Лэжьыгъэр къапщытэж, ахэр псалъэжьу, псалъэ пэжу зэрыщытыр ,гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ и1эу зэрыщытри къыжа1э.

**Литературэ урокхэм къэбгъэсэбэп хъунущ мыпхуэдэ 1эмалхэр, псом хуэмыдэжу тхак1уэхэм я биографиер щаджк1э. Къехыгъуит1у гуэша таблицэм и япэ къехыгъуэм еджак1уэхэм тхак1уэм теухуауэ ящ1эр иратхэ .Иужьк1э тхылъым итымрэ езыхэм ятхамрэ зэхуоплъыжхэри пэжыр ет1уанэ къехыгъуэм иратхэ.Апхуэдэ щ1ык1эк1э зрагъэщ1ар нэхъ ягу ираубыдэ.**

Куэдрэ къохъу текстым узэреджэм хуэдэурэ утегупсысык1ыу, уигу пхуимыубыдэу, п1эщ1эхуу. Дауэ п1эрэ абы узэрелэжьыныр уи щхьэм имыхун папщ1э.Абы щхьэк1э мыпхуэдэ лэжьыгъэ ебгъэк1уэк1 хъунущ.Тетрадь напэк1уэц1ыр къехыгъуит1у ягуэш,зы лъэныкъуэмк1э текстым къыхэха цитатэхэр, нэхъ я гум , я псэм хыхьахэр иратхэ. Адрей лъэныкъуэмк1э ар къызэрыхахамк1э комментарий хуащ1ыж. П.п. е-7-нэ классым Нало З. итха «Ц1ыху напэ» жыхуи1эм ц1ык1ухэм я нэхъыбэм къыхатхык1ащ мыпхуэдэ сатырхэр:

| **ЦИТАТЭ** | **КОММЕНТАРИЙ (ЗЫУБЗЫХУ)** |
|---|---|
| Ер псы фалъэм зэрыхэлъыр ищ1ам,<br>Л1ыр ефэнт?<br><br>С1ихыфыну сэ си напэр<br>Дунейм теткъым зыл1. | |

Къыхатхык1ахэм къоджэж, ар къыщ1ыхахар къыжа1э,текстым иджыри зэ къытрагъазэурэ къоджэ, япэм гу зылъамытахэм гу лъатэж, зыгуэр къэнамэ, егъэджак1уэм гу лъарегъатэ.

А таблицэм ещанэуи зы къехыгъуэ хуэпщ1 хъунущ **«Егъэджак1уэм деж письмо»** жи1эу иту.

Мыбдеж еджак1уэм иретхэ егъэджак1уэм зэреупщ1ыну упщ1эхэр.

Япэм сабийр текстым къеджэрэ абы и мыхьэнэр къыгуры1уэмэ, ар хъарзынэу щытащ.Иджы апхуэдэк1э зэф1эк1ыркъым, сыт и лъэныкъуэк1и зэджар къызэпкърихыжыфу щытын хуейщ, абы ехьэл1ауэ и1э гупсысэхэр и бзэр хуэшэрыуэу къи1уэтэжыфу егъэсэн хуейщ.Текстым къеджэн и пэк1э къалэн зыбжанэ хуэгъэувын хуейщ.Фыкъыщеджэк1э псалъэжь, жы1эгъуэ дахэ хэтхэр щ1эфтхъэ.Абы хэт л1ыхъужь нэхъыщхьэм и хьэл =щэным фык1элъыплъ,ар сыт хуэдэ ц1ыхуу къыхэщрэ текстым?

**Еджак1уэ ц1ык1ухэр дехьэх мыпхуэдэ бгъэдыхьэк1эми. Зэджэну текстыр зытеухуар и псалъащхьэмк1э е абы хэт псалъэхэмк1э къащ1эу.**

Доскам итщ текстым хэт псалъэ нхъыщхьэхэр.Абыхэм къоджэ, зыгурагъа1уэ,йогупсыс,зыхуагъак1уэ.Щхьэж зэхилъхьа текстыр же1э.Езы текстым къеджа нэужьк1э зэралъытыж, зэрагъэпщэж ,хэт ейр нэхъ хуэк1уэу зэхилъхьами щогуф1ык1.Апхуэдэ 1эмалхэм , дауи ,сабийр еджэным драгъэхьэх, трагъэгушхуэ.

**Езыр-езыру сабийр къыщеджэк1э, мыпхуэдэ дамыгъэхэр полям трегъэувэ:**

\+ Сыарэзыщ е щ1эуэ къэсщ1ащ.

\- Къызгуры1уакъым, нэгъуэщ1у сегупсысырт.

? Зэхэгъэк1ын хуейщ.

Y Сщ1эрт, гуры1уэгъуэт.

Нэгъуэщ1 1эмал куэдхэри щы1эщ ц1ык1ухэр еджэныгъэм дебгъэхьэхынымк1э Девгъэгугъу ди еджак1уэ ц1ык1ухэм, дымыщхьэхыу хэк1ып1эщ1эхэм девгъэлэжь.